

# REPUBLIQUE DU BURUNDI



## UMUGAMBI W'AMAHORO N'UMWIZERO



Inyigisho z'urwaruka zijanye n'ubunyagihugu, intwaro rusangi, ugutwara neza, uruhara rw'umunyagihugu, amatora meza, ukurwanya ibiturire n'isesagurwa ry'itunga ry'igihugu mu Burundi

**Igitabu mfashanyigisho kigenewe urwaruka ruremesha inyigisho**



## Ibirimwo

Urupapuro

Ugushimira abafashije kwandika iki gitabu.....	4
Ikete ryagenewe urwaruka ruremesha inyigisho.....	5
Intangamarara.....	6

### Ingingo mfashanyigisho

1. Gutunganya inyigisho.....	7
2. Umwidondoro w'abitavye inyigisho.....	8
3. Kwumvikana ku ngingo ngenderwako ziranga umugwi .....	8

### Icigwa ca 1: Inyifato ibereye ubunyagihugu..... 11

1.1. Ivyiyumviro nyamukuru vy'ukwigisha ivy'ubunyagihugu.....	11
1.2. Urururimbo ry'uguhayagiza igihugu.....	13
1.3. Ibendera ry'uburundi.....	15
1.4. Agateka ka zina muntu.....	17
1.5. Ukudahana ivyaha.....	20
1.6. Imico myiza n'akaranga k'uburundi.....	23
1.7. Twotandukanya gute ivyabaye koko n'icyumviro c'umuntu?.....	26
1.8. Ntahura gute ibijanye n'uruhagarara?.....	29
1.9. Notorera gute umuti uruhagarara canke umwumvikano muke gute?.....	32
1.10. Mvuge nti "EGO canke 'OYA'?".....	34

### Icigwa ca 2: Intwari rusangi.....37

2.1. Intwari rusangi.....	37
2.2. Ukugendera intwari rusangi.....	39
2.3. Itandukanya ry'inzeho z'ubutegetsi.....	41
2.4. Uburenganzira bw'uguserura icyumviro.....	45

### Icigwa ca 3: Ugutwara neza.....45

3.1. Ingingo nkuru nkuru zigize ugutwara neza .....	46
3.2. Intwari y'igihugu.....	48
3.3. Ingene abatwara botanga umuco ku vyo baranguye.....	50
3.4. Intwari ishingiye ku butunzi.....	52

### Icigwa ca 4: Uruhara rw' umunyagihugu.....55

4.1. Ingene umunyagihugu aronka uruhara.....	56
--	----

4.2.	<i>Gukurikirana ibikorwa vy'abatowe.....</i>	60
4.3.	<i>Uruhara rw'urwaruka mu gufata ingingo.....</i>	62
4.4.	<i>Uruhara rw'urwaruka mw'iterambere.....</i>	64
4.5.	<i>Ubwenge burarahurwa.....</i>	66

#### **Icigwa ca 5: Ukurwanya ibiturire n'ugusesagura itunga ry'igihugu.....68**

5.1.	<i>Igiturire n'iki? Ni nde akirya? Kiribwa kuki?.....</i>	68
5.2.	<i>Inzego zikunda kuribwamwo ibiturire.....</i>	70
5.3.	<i>Ingaruka mbi z'igiturire.....</i>	74

#### **Icigwa ca 6: Amatora meza.....77**

6.1.	<i>Kudatora canke gutora nabi: Ni izihe ngaruka za vyo?.....</i>	78
6.2.	<i>Ivyo dukwiye kumenya kuvy'amatora ?.....</i>	82
6.3.	<i>Amatora yibwa mu buryo ubuhe ?.....</i>	86
6.4.	<i>Igishashya utuzaniye mu migambi yawe coba ari ikihe? .....</i>	90
6.5.	<i>Imigambi yo kwitorezako.....</i>	92
6.6.	<i>"Bambwiye ngo... ".....</i>	98

#### **Ugusozera..... 101**

7.1.	<i>Kwihweza ivyashitsweko n'ukwiyumvira akazoza .....</i>	102
------	---	-----

#### **Ibicapo**

D1:	<i>Gutunganya inyigisho.....</i>	7
D2:	<i>Iyo abanyagihugu barimye ikibiri baba bafashanije.....</i>	22
D3:	<i>Tworengera gute uruhagarara?.....</i>	26
D4:	<i>Amahoro arakenewe mu gihugu.....</i>	29
D5:	<i>Intwari ishingiyeye ku ngingo.....</i>	45
D6:	<i>Uburenganzira bw'uguserura icyumviro.....</i>	55
D7:	<i>Abanyagihugu barafise ico babaza abo bitoreye.....</i>	58
D8:	<i>Reka kwonona itunga ry'igihugu n'ukurya ibiturire.....</i>	73
D9:	<i>Kwitaba amatora.....</i>	77
D10:	<i>Kumenya ibwirizwa rigenga amatora.....</i>	81
D11:	<i>Ubuhinga bwo kwiba amatora.....</i>	85
D12:	<i>Akanovera k'imigambi y'abitoza.....</i>	89
D13:	<i>Uburenganzira bwo kubaza abatowe aho bagejeje imigambi bemeye... </i>	100
D14:	<i>Akanya ko gusozera.....</i>	101

## UGUSHIMIRA ABAFASHIJE KWANDIKA IKI GITABU

Turashimiye abahinga bateguye bakongera bagashira ahabona integuro ya mbere y'iki gitabu:

- Stéphane DESCAVES, umuhinga mu bijanye n'ibiganiro n'ugutorera umuti amatati bidaciye mu gikenye (ubuhinga bwa "IFMAN");
- Frédérique EGON, ajejwe ibijanye n'inyigisho mw'ishirahamwe ry'"Abascouts" n'"Abaguides" bo mu Bufaransa;
- Willy NGENDAHORURI, ajejwe igisata c'abakuze mw'ishirahamwe ry'"Abascouts" bo mu Burundi;
- Soline NIMBONA, umuhinga wo mw'ishirahamwe REJA;
- Ir. Albert NYAMWANA, umukuru w'ishirahamwe ry'"Abascouts" bo mu Burundi akaba anariserukira imbere y'amategeko;
- Fabrice RUBERINTWARI, umukuru w'ishirahamwe REJA akaba anariserukira imbere y'amategeko.

Turashimiye umwigisha Denis BUKURU wewe yateguye inyigisho z'urwaruka mu bijanye n'amatora; kikaba ari kimwe mu bice bihambaye bigize iki gitabu.

Turashimiye Frédéric HAKIZIMANA yanaguye integuro ya mbere y'iki gitabu mu kwongeramwo ibindi vyigwa akwirikije impanuro za Louis BAZUBWABO aserukira UNESCO na Eric NDAYIKENGURUTSE aserukira REJA. Abandi bafashije muri iki gikorwa ni Sylvestre NSHIMIRIMANA na Apollinaire MASABARAKIZA bo muri REJA; Jean-Claude NIKWIBITANGA na Prosper NSHEMEZIMANA, bo muri ASB ishishirahamwe ry'"Abascouts" bo bagisomye bakacunganira.

Turashimiye ishishirahamwe Association Fontaine ryahagarikiye ibikorwa vyo gushira ahabona "Ingingo z'ingendo ibereye urwaruka rw'i Burundi mu kiringo c'amatora"; izo ngingo zikaba ziri muri iki gitabu.

Turashimiye Juma HUSSEIN yagize ibicapo.

Turashimiye Constantin NTIRANYIBAGIRA yahinduye integuro ya mbere y'iki gitabu mu kirundi (cari mu gifaransa): ni intambwe ikomeye kugira ngo urwanka rw'i Burundi rubashe gutahura ibiri muri iki gitabu.

Turashimiye cane:

- Ishishirahamwe ryegamiye idini rya Gatorika rijejwe kugwanya inzara (CCFD-Terre solidaire), Abascouts n'Abaguides bo mu Bufaransa (SGDF) hamwe n'ishishirahamwe ry'ubumwe bwa Buraya (Union Européenne) badufashije kuva mu ntango y'uwu mugambi gushika uhare kugirango dushoboze urwaruka rw'i Burundi kugira uruhara mu matora atekanye
- Umugwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora (CENI) kubera ko abawugize bitanze mu kuduha impanuro nyazo kugirango uyu mugambi uranguke neza.
- Ishishirahamwe IFES rijejwe ibijanye n'amatora kw'isi yose, ku mpanuro ryaduhaye zatumye igitabu kivugwamwo inyigisho z'urwaruka mu bijanye n'ingene rwokwifata mu kiringo c'amatora.
- UNESCO yo yatumye twongeramwo inyigisho zerekeye ukwigisha inyifato ibereye ubunyagihugu, intwari rusangi, uruhara rw'umunyagihugu, ugutwara neza n'ukurwanya igiturire.

Abo bese turabashimiye bimwe bivuye ku mutima.

## *Ikete ryagenewe urwaruka ruremesha inyisho*

*Rwaruka ruremesha inyigisho, turakuramukije.*

*Turagushimiye cane kubona witavye akamo watewe n'uyu mugambi.*

*Ufise uruhara runini mu bijanye n'ukwigisha urwaruka akamaro k'inyifato ibereye ubunyagihugu, intwano rusangi, ugutwara neza, uruhara rw'umunyagihugu, ukurwanya ibiturire n'isesagurwa ry'itunga ry'igihucu, ugutunganya amatora meza.*

*Iki gitabu ni wewe kigenewe: turizigiye ko kizogufasha.*

*Ikindi naco, iki gitabu kije kwuhirira inyigisho zatanzwe n'abaremashanyigisho bo mu makomine.*

*Ni wakurikiza neza izi mpanuro bizotuma utanga neza inyigisho zagenewe urwaruknga ry'itua*

### *Imigenderanira hagati yawe n'abitavye inyigisho:*

- ↳ *Ntuze wigere wibagira ko abo uriko wigisha atari abana ahubwo ari urwaruka rukuze: bazokwigisha nabo nyene ibintu vyinshi utazi;*
- ↳ *Igikorwa cawe kizoba ico gufasha urwo rwaruka kugirango abe ari rwo nyene rutanga inyishu zibereye: ivyo bizotuma rutahura neza inyigisho uzoba uriko uraruhia;*
- ↳ *Kenshi uzosanga bikenewe ko uhagarika uguhanahana ivyiyumviro kugirango ubashe kubandanya inyigisho zawe: uzoheza rero urondere imvugo ukoresha ituma urwaruka rutiyumvira ko ruhahajwe.*

### *Igikorwa ujejwe*

- ↳ *Ntivyoroshe guha ijamba abitavye inyigisho bose n'ugushika ku mahangiro wihaye ukoresheje neza umwanya wategekanyijwe; ni ukwama wibuka kwubahiriza ikirango kigenewe inyigisho uriko uratanga;*
- ↳ *Kugirango inyigisho zawe zize zigende neza, birakenewe ko uzofata akanya ko kuzitegura, kandi ivyo wobigira hasigaye igihe kitari gito ngo izo nyigisho zitangwe.*
- ↳ *Cane cane ni ukwirinda gutanga uburorero burimwo amazina y'imigambwe izwi ko iriho. Ivyo wovyiyubara no ku banyeporitike (ku rwego rw'intara, rw'akarere canke rw'igihugu);*
- ↳ *Mu ntango y'icigwa cose, woshira ahabona ivyerekeye akaranga k'umugwi ukurikirana inyigisho.*

### *Ivyo wohitamwo:*

- ↳ *Ibikorwa vyose bitegekanyijwe birashobora kurangurirwa ahantu hubatse canke ahatubatse*
- ↳ *Si ngombwa ngo urangure ibikorwa vyose bitegekanyijwe: urafise uburenganzira bwo guhitamwo ibikenewe gusumba ibindi.*

*Ibikorwa vyose vyagenewe imigwi igizwe n'urwaruka ruri hagati y'igitigiri c'abantu kuva kuri 20 gushika kuri 30.*

*Turakwifurije kuroranirwa mu bikorwa vyo gutanga inyigisho uzorangura!*

## INTANGAMARARA

Naho urwaruka rwamye rufise ikibanza kinini mw'ihinduka ry'ibintu, biragaragara ko rudatahura ibijanye n'inyifato ibereye ubunyagihugu, intwaro rusangi, amatora, uruhara rw'umunyagihugu, ugutwara neza n'ukurwanya isesagura ry'itunga ry'igihugu n'igiturire.

Urwaruka rurinuba cane ibijanye na poritike. Turashobora kwemeza ko rutazi ingene rushobora gukoresha ubwenegihugu bwarwo mu Burundi burangwa n'intwaro rusangi.

Twovuga ko intwaro rusangi ari: *“Ubutegetsu bw'abanyagihugu butangwa n'abanyagihugu kandi bukorera abanyagihugu.”* Ivyo bisigura ko abanyagihugu baha ububasha abatowe kugira ngo babarongore, kandi bagashobora no kubabaza ingene barangura ivyo babemereye mu kwiyamamaza. Muri icyo gihe, abanyagihugu barahereza bakagenzura ko abo batoye batunganiriza igihugu cose ata kuvangura.

Intwaro rusangi ishirwa mu ngiro n'amatora, nk'uko bitegekanywa n'ibwirizwa Nshingiro (ari na ryo tegeko ngenderwako) hamwe n'ayandi mategeko n'amabwirizwa yose aryunganira:

- Itegeko riringaniza amatora;
- Ibwirizwa rigenga amatora;
- Ibwirizwa rigenga Amakomine;
- Amategeko bwirizwa y'umukuru w'igihugu.

Ariko rero, amatora yonyene ntahagije kugirango ingorane nyakuri zo mu kibano zitorerwe umuti; mu ntumbero yo gukinga amatati.

Intwaro rusangi nyakuri n'iyemera ko hategekanywa uguhindura ibintu mu vyerekeye poritike n'intwaro.

Ivyo vyokorwa hubahirijwe “Intwaro ibereye” muri rusangi. Iyo na yo irangwa n'ibintu bine:

- Itsimbatazwa ry'imigambi y'ubutunzi ifatiye kw'itunganywa ry'ubutunzi ryisunga iringanizwa ry'amasoko;
- Ugutunganya neza itunga rusangi;
- Ugushiraho intwaro yitowe n'abanyagihugu;
- Ukwubahiriza intwaro y'ingingo hamwe n'agateka ka zina muntu.

Urwaruka rwo muri iki gihe ntirutahura igituma Abahutu, Abatutsi n'Abatwa babanye kuva kera ku mitumba, mu makomine, mu nzego zitandukanye, bakongera bagahana abageni...bashikiwe n'intureka zihitiye. Nico gituma urwaruka rw'uburundi rukeneye cane kumenya ukuri ku kahise k'igihugu carwo.

Ugutahura neza akahise k'igihugu ryoba ishingiro ryotuma umwenegihugu wese yijukira ivyo kuringaniza akazozza k'igihugu.

Iki gitabu cagenewe urwaruka ruremesha inyigisho zijanye n'inyifato ibereye ubunyagihugu, intwaro rusangi, amatora, uruhara rw'umunyagihugu, ugutwara neza n'ukurwanya igiturire kirimwo ubutumwa bukurikira:

- Kumenya n'ukwisunga inyifato ibereye ubunyagihugu;
- Kumenya n'ugukomeza intwaro rusangi;
- Guhimiriza urwaruka kugirango ruze gutora rwongere rwitoze;
- Kumenya n'uguharanira uruhara rw'umunyagihugu;
- Gushigikira intwaro nziza;
- Kurwanya igiturire;
- Guhimiriza urwaruka kugira ngo rwirinde gukwegerwa mu ruhagarara.

Iki gitabu kirakabura urwaruka kugirango ntirube sindabibazwa ku vyerekeye ibishobora gushikira igihugu vyose. Turipfuzza ko urwaruka rwogira ishaka ryo kuvuga ruti “Oya” canke „Ego“ iyo bikenewe hamwe n'uguhitamwo neza ku neza ya bose.

## 1. D1: "Gutunganya inyigisho"

INGINGO MFASHANYIGISHO

- Kwubaha umwanya
- Kuzimya telefone
- Kwirinda uruja n'uruza
- Gutega amatwi uwufise ijamba



## 2. Umwidondoro w'abitavye inyigisho

### Amahangiro y'iki gice

- Guha akanya abitavye inyigisho ko kumenyana
- Guha akanya uwitavye inyigisho wese ko kwidondora
- Gufasha kugira ngo abagize umugwi bamenyerane

**Ikiringo:** Iminuta 40

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baramenyana buhoro buhoro

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Nta na kimwe gikenewe

### Gutomora

Umwanya	Igice bwite
4'	1) Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kugira umuzingi, kandi bahagaze
4'	2) Uwuremesha inyigisho arasaba uwazitavye wese kuvugana n'uwumwegereye i bubamfu: abo bantu babiri baca bagerageza kumenya ico bahuriyeko
4'	3) Uwuremesha inyigisho arasaba uwazitavye wese kuvugana n'uwumwegereye i buryo: abo bantu babiri baca bagerageza kumenya ico bahuriyeko
30'	4) Uwuremesha inyigisho aca aja arasaba umwe umwe wese mu bazitavye kuvuga izina ryiwe n'ugushikiriza ico bahuriyeko n'uwumwegereye i buryo. Mu gihe akanya kabonetse kugirango abantu bagize umugwi babashe kugira ico bas hikiriye, uwuremesha inyigisho aca asaba abazitavye kubandanya ico gikorwa bicaye.

## 3. Kwumvikana ku ngingo ngenderwako ziranga umugwi

### Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ko gukorana mu mugwi bisaba ko habaho ingingo ngenderwako zitegerezwa kumenywa n'abawugize bese
- Gutahura ko iyo umuntu azi neza akamaro k'ingingo kanaka bituma ayubahiriza atidodomba
- Gutahura ko, ku rwego rw'igihugu, izo ngingo zitwa "amategeko"

**Ikiringo:** Iminuta 25










**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Ivyiyumviro bitangwa n'abitavye inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ikibaho kitanditseko canke uruhome
- Impapuro
- Ikaramu imwe canke zibiri z'ubwoko budasanze (feutres)
- Uburembo bwo kumanikisha ibicapo




**Gutomora**

Umwanya	Igice bwite			
2'	1) Uwuremesha inyigisho arasigurira abazitavye ko kugira ngo ibikorwa bigende neza hakenewe ingingo zitegerezwa kwubahirizwa n'abagize umugwi bose (ibikwiye gukorwa, n'ibitabereye).			
3'	2) Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kwiyumvira ingingo umugwi wogenderako mu kiringo cose izo nyigisho zizomara. Umwe umwe mu bari aho ariyumvira ingingo 5 zitarenga, mu gacerere, kandi ico gikorwa ntikirenga iminuta 3.			
3'	3) Uwuremesha inyigisho arasaba umuntu umwe avyishakiye gutanga ingingo imwe. Abagize umugwi bose baraheza bagahanahana ivyiyumviro kuri iyo ngingo.			
2'	4) Bahejeje guhanahana ivyiyumviro uwuremesha inyigisho aca ababaza iki kibazo: <b>“Abagize umugwi mwese muremeye ko iyi ngingo twoyigenderako?”</b> Bishitse bakayihurizako bese, uwuremesha inyigisho araheza agasaba umuntu umwe avyishakiye kugira igicapo cerekana iyo ngingo.			
	<p>Akarorero k'ingingo ngenderwako:</p> <table border="0" style="width: 100%;"> <tr> <td style="width: 33%; vertical-align: top;"> <p><u>Ingingo ya 1:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwumviriza abandi n'ukutabacira mw'ijambo”</p> </td> <td style="width: 33%; vertical-align: top;"> <p><u>Ingingo ya °2:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza indinganizo y'umwanya”</p> </td> <td style="width: 33%; vertical-align: top;"> <p><u>Ingingo ya °3:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza ivyiyumviro vy'abandi: kwumviriza utanegura”</p> </td> </tr> </table>	<p><u>Ingingo ya 1:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwumviriza abandi n'ukutabacira mw'ijambo”</p>	<p><u>Ingingo ya °2:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza indinganizo y'umwanya”</p>	<p><u>Ingingo ya °3:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza ivyiyumviro vy'abandi: kwumviriza utanegura”</p>
<p><u>Ingingo ya 1:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwumviriza abandi n'ukutabacira mw'ijambo”</p>	<p><u>Ingingo ya °2:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza indinganizo y'umwanya”</p>	<p><u>Ingingo ya °3:</u></p>  <p>→ Insiguro: “Kwubahiriza ivyiyumviro vy'abandi: kwumviriza utanegura”</p>		
5'	5) Uwa mbere ataraheza gucapa, uwuremesha inyigisho aca asaba uwundi avyishakiye gushikiriza iyindi ngingo. Uwuremesha inyigisho araheza akabandanya gutya: “guhanahana ivyiyumviro → kwemeza ingingo → igicapo” gushika aho ata muntu n'umwe aba agifise ingingo ashikiriza.			
	6) Uwuremesha inyigisho aguma amanika ibicapo ku ruhome uko bigenda biraboneka.			
5'	7) Uwuremesha inyigisho, abonye ko hariho ingingo zihambaye zitanzwe, arasaba ko zongerwamwo. Nk'akarorero, harakenewe ko muri izo ngingo habamwo iyi: <ul style="list-style-type: none"> <li>• “kirazira kunebagura abandi”,</li> <li>• “Ni uburenganzira bw'umuntu ari ngaha kudakora umwimenyerezo, apfa gukurikira ibiba gusa”,</li> <li>• “Kugumya ibanga: ntakuja gusubiramwo uri hanze ivyo mugenzawe yavuze canke yakoze mu gihe c'ibikorwa vy'izi nyigisho”.</li> </ul> Igihe uwuremesha inyigisho yongeyemwo ingingo ngenderwako igihe c'ibikorwa vyo mu murwi, aca asaba uwuvyishakiye ko yogira igicapo bijanye.			
	8) <u>Intumbero</u> y'uwuremesha inyigisho ni uko uwitavye inyigisho wese yotahura akamaro k'ingingo iyo ari yo yose kugira ngo afashe kuyubahiriza. <p><u>Birahambaye:</u> Mu ntango y'icigwa cose, uwuremesha inyigisho ategerezwa kubanza kumanika izo ngingo ku ruhome, kugira ngo abari mu nyigisho bazibuke bese.</p>			
5'	9) Abagize umugwi bese bamaze kwumvikana ku ngingo zose, <b>uwuremesha inyigisho aca abasomera akongera akabasigurira inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice.</b> Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'iki gicapo.			

**10) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:**

- Uwuremesha inyigisho arabona ningoga na ningoga ko ingingo ngenderwako zubahirijwe na bose.
- Uwuremesha inyigisho arabona ningoga na ningoga inyifato y’abari aho mu gihe umwe muribo aba atubahirije ingingo imwe muzo bumvikanye: abari aho bishitse bakerekana inyifato idasanze uwuremesha inyigisho ataco aravuga, bisigura ko batahuye akamaro ko kugira ingingo ngenderwako zibahuza.

Inyigisho ngenderwako:



# Icigwa ca 1: Inyifato ibereye ubunyagihugu

## 1.1. Ivyiyumviro nyamukuru vy'ukwigisha ivy'ubunyagihugu

### Amahangiro y'iki gice

- Ugutahura ic'arico iterambere rirama
- Ukwumva intwaro rusangi
- Ugutahura ivy'ugufashanya
- Ukwigisha ivyerekeye agateka ka zina muntu
- Ukwigisha amahoro

**Ikiringo:** Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ico bazi ku majambo yanditswe ku kibaho ariyo : iterambere rirama, intwaro rusangi, ugufashanya, agateka ka zina muntu, amahoro
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ibibazo bikwirikira kimwe kimwe : → Ururirimbo ruhayagiza igihugu → Ibendera ry'uburundi → Iterambere rirama n'iki? → Intwaro rusangi n'iki ? → Ugufashanya n'iki ? → Agateka ka zina muntu n'iki? → Amahoro n'iki?
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> → Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co
15'	<b>3) Gusubiramwo</b>

	<p>→ Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n’umwe muri bo.</p> <p>→ Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n’abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</p> <p>Araheza agafata mu mutwe ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</p>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>
10	<p><b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• “Mu buzima bwa misi yose, vyoba vyarabashikiye kwitaho ibidukikije”? Gute?</li> <li>• “Mu buzima bwa misi yose, vyoba vyarabashikiye gufashanya n’abandi”? Gute?</li> <li>• “Mu buzima bwa misi yose, agateka kawe koba kamaze guhungabana”? Gute?</li> <li>• “Mu buzima bwa misi yose, vyoba vyarabashikiye mukabura amahoro”? Gute?</li> <li>• “Wibaza ko muri iki gihugu turi mu ntwaro rusangi”? Ubifatiye kuki?</li> </ul>

Inyigisho ngenderwako:

**Iterambere rirama** rishaka ko abarutse muri iki kiringo barondera ivyo bakeneye batabujije abazokwaruka mu nyuma kuronka ivyabo.

Rishimikiye ku nkingi zine zunganiranira:

- iterambere ry’ubutunzi
- ukwitaho ibidukikije
- ubutungane mu mibano
- akaranga ka muntu

**Intwaro rusangi** ishira waho n’abanyagihugu biciye mu matora, ikorera ineza y’abanyagihugu atawe ikumiriye, umunyagihugu wese afise ijambo n’uburenganzira bwo kubaza abatowe aho bagejeje imigambi bemeye.

**Ugufashanya** n’ugufata mu mugongo uwariwe wese muri vyose na hose mugakorera hamwe

**Agateka ka zina muntu** n’ukubaho wishira ukizana ufise uburenganzira bwose muri politike, imibano, ubutunzi n’akaranga

**Amahoro** n’ukugira umutekano ku mubiri no ku mutima kuri bose na hose mu gihugu

## 1.2. Ururirimbo ruhayagiza igihugu

### Amahangiro y'iki gice

- Kumenya amajambo agize ururirimbo
- Kumenya kururirimba
- Kumenya insiguro z'amajambo

Ikiringo: Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho amajambo agize ururirimbo, arababaza ko bazi kururirimba, arababaza insiguro z'amajambo
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bese, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho amajambo agize ururirimbo, arababaza ko bazi kururirimba, arababaza insiguro z'amajambo</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bese baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza agafata mu mutwe ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li></ul>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bese.</b>

10

5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho amajambo agize ururirimbo, arababaza ko bazi kururirimba, arababaza insiguro z'amajambo

Inyigisho ngenderwako:

**Ururirimbo ruhayagiza uburundi**

Burundi bwacu  
Burundi buhire  
Shinga icumu mu mashinga  
Gaba intahe y'ubugabo ku  
bugingo

Warapfunywe ntiwapfuye  
Warahabishijwe ntiwahababuka  
Uhagurukana (gatatu)  
Ubugabo urikukira

Komerwa amashi n'amakungu  
Habw'impundu n'abawe  
Isamirane mu mashinga (kabiri)

Burundi bwacu  
Ragi ry'abasokuru  
Ramutsw'intahe n'ibihugu  
Ufatanije ishaka n'ubuhizi  
Vuza impundu wiganzuye  
Uwakuganza (kabiri)

Burundi bwacu  
Nkoramutima kuri twese  
Tugutuye amaboko  
Umutima n'ubuzima  
Imana yakuduhaye ikudutungire  
Horana ubumwe n'abagabo  
n'itekane  
Sagwa n'urweze  
Sagwa n'amahoro meza

**Ugusigura amajambo**

- **Shinga icumu mu mashinga:**  
Ronka icicaró mu bindi  
bihugu
- **Gaba intahe y'ubugabo ku  
bugingo**  
Shikira intahe uronse biciye  
mu ngingo
- **Warapfunywe ntiwapfuye**  
Wacye mu makuba menshi  
y'intambara, uratakaza  
intara ariko uracariho
- **Warahabishijwe**  
Waratewe ubwoba
- **Ntiwahababuka**  
Wagumije umutima mu nda
- **Ufatanije ishaka n'ubuhizi**  
Abarundi barerekanye ishaka  
n'ubuhizi mu ntambara no  
mu bindi bikorwa  
(intambara z'ukwagura  
imbibe: Ntare  
Rugamba; z'ugukingira imbibe  
n'abanyagihugu: Mwezi  
Gisabo; z'ukurwanira  
ukwikukira  
kw'igihugu: Rwagasore Louis)
- **Wiganzuye Uwakuganza**  
Waronse intahe y'ukwikukira
- **Nkoramutima kuri bese**  
Usumba vyose kuri bese

### 1.3. Ibendera ry'uburundi

#### Amahangiro y'iki gice

- Ingene ibendera ry'uburundi risa n'uko rimeze
- Insiguro y'amabara y'ibendera ry'uburundi
- Insiguro y'inyenyeri zitatu

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

#### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

#### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene ibendera ry'uburundi risa n'uko rimeze, insiguro y'amabara y'ibendera ry'uburundi, insiguro y'inyenyeri zitatu
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuvye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene ibendera ry'uburundi risa n'uko rimeze, insiguro y'amabara y'ibendera ry'uburundi, insiguro y'inyenyeri zitatu</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza agafata mu mutwe iviyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li></ul>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>


10

**5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:**

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- Ingene ibendera ry'uburundi risa n'uko rimeze, insiguro y'amabara y'ibendera ry'uburundi, insiguro y'inzenyeri zitatu

Inyigisho ngenderwako:



**Ingene ibendera risa n'uko rimeze**

Ibendera ry'uburundi rigizwe n'ibice bine bigabuwe n'umusaraba wera uca mu masonga. Igice co hejuru n'ico muni biratukura. Ibice vyo mu mpande bisa n'icatsi kibisi. Hagati y'umusaraba hari umuzingi wera urimwo inzenyeri zitatu zitukura z'amasonga atandatu zizingujwe n'ibara ry'icatsi kibisi. Inzenyeri imwe iri hejuru, zibiri ziri muni.

**Insiguro y'amabara y'ibendera ry'uburundi**

Ibara ry'icatsi gitoto : umwizero n'ukwama wiyumvira vyiza  
Ibara ritukura : ugukunda igihugu; amaraso yasesetse abarundi  
barondera intahe y'ukwikukira  
Ibara ryera : ubutore n'amahoro

**Insiguro y'inzenyeri zitatu:**

Inzenyeri zijanye n'icivugo c'uburundi: Ubumwe, ibikorwa, amajambere



## 1.4. Agateka ka zina muntu

### Amahangiro y'iki gice

- Kumenya uburenganzira bwatangajwe mu cemezo c'isi yose (1948) cerekeye agateka ka zina muntu
- Kumenya ingingo z'ukwisunga mu gushira mu ngiro amabwirizwa

Ikiringo: Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi ku gateka ka zina muntu
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi ku gateka ka zina muntu</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho intumbero intwara rusangi ishobora gufata</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza agafata mu mutwe iviyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li></ul>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>

10	<p><b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Iryo bazi ku gateka ka zina muntu</li> </ul>
----	--

Inyigisho ngenderwako:

### Uburenganzira bwatangajwe mu cemezo c'isi yose (1948)

- Uburenganzira bw'ukubaho, ukwishira ukizana n'umutekano w'umuntu ;
- Uburenganzira bw'ukutagirwa umuja n'ugukorera ubusa ;
- Uburenganzira bw'ukudasinzikarizwa ubuzima, gufatwa bukoko kandi bitesha agaciro
- Kwemerwa ka buntu imbere y'amategeko
- Kungana n'ugukingirwa imbere y'amategeko
- Uburenganzira bw'ukudahagarikwa, bw' ukudapfungwa canke kwangazwa ataco uzira
- Uburenganzira bw'ukuburana ata karenganyo
- Uburenganzira bw'ukutinjirirwa mu buzima, mu muryango, aho uba canke mu makete
- Uburenganzira bw'ukugendagenda n'ukuba mu gihugu
- Uburenganzira bw'ukuva mu gihugu cawe n'ukukigarukamwo
- Uburenganzira bw'ukurondera ubuhungiro
- Uburenganzira bw'ukuba umwenegihugu
- Uburenganzira bw'ukwubaka n'ukugira umuryango
- Ukungana hagati y'abagabo n'abagore mu kwubaka no mu kuvana
- Uburenganzira bw'ugutunga ikintu n'ukutakinyagigwa ubusa
- Uburenganzira bw'ukuja mw'idini, ivyiyumviro, kuronka ijamba n'ugushirahamwe
- Uburenganzira bw'ukwinjira muri Leta n'ugukora ubundi buzi bw'igihugu
- Uburenganzira bw'ugukingirwa mu vy'imibano
- Uburenganzira mu kazi n'ukugahitamwo
- Uburenganzira bw'ukuruhuka n'ukunezerwa
- Uburenganzira bw'ukwiga
- Uburenganzira bw'ukugira urugero ruhagije rw'ubuzima

**Amabwirizwa ajanye n'agateka ka zina muntu canke ibitegerezwa gukorwa bihagaze ku ngingo zine :**

- *Ibwirizwa ry'ukwubaha* : umuntu canke umurwi nta kintu bokora cohungabanya, cogabanya canke conigira mu menshi agateka k'uwundi muntu ;
- *Ibwirizwa ry'ugukingira* : Kubuza umuntu gukora canke kwirengagiza ibintu vyobuza uwundi kuronka uburenganzira ;
- *Ibwirizwa ry'ukworosha* : gufasha canke kuraba ko umuntu yahohotewe ashobora kuronka bukebuke uburenganzira ;
- *Ibwirizwa ryo gushira mu ngiro* : iryo bwirizwa rigomba ko umuntu akora adahengeshanya kandi atirengagiza kugira ngo agateka k'uwundi kubahwe bimwe birama.

## 1.5. Ukudahana ivyaha

### Amahangiro y'iki gice

- Kumenya ukudahana ivyaha ic'ari co
- Kumenya igituma ivyaha bidahanwa
- Kumenya ingaruka z'ukudahana ivyaha
- Kumenya ivyaha bihanwa n'amasentare mpuzamakungu

Ikiringo: Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- I kibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi k'ukudahana ivyaha, ku gituma ivyaha bidahanwa, ku ngaruka z'ukudahana ivyaha, ku vyaha bihanwa n'amasentare mpuzamakungu
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi k'ukudahana ivyaha, ku gituma ivyaha bidahanwa, ku ngaruka z'ukudahana ivyaha, ku vyaha bihanwa n'amasentare mpuzamakungu</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho intumbero intwano rusangi ishobora gufata</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</li></ul>

	Araheza agafata mu mutwe ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>
10	<b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b> Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye <ul style="list-style-type: none"> <li>Ivyo bazi k'ukudahana ivyaha, ku gituma ivyaha bidahanwa, ku ngaruka z'ukudahana ivyaha, ku vyaha bihanwa n'amasentare mpuzamakungu</li> </ul>

Inyigisho ngenderwako:

#### Ukudahana ivyaha ic'ari co :

Kubura amategeko canke ubutegetsu buhana uwakoze icaha bigatuma ata tohozwa rigirwa ngo arengutswe, ahagarikwe, acibwe urubanza iyo yagiriwe n'icaha ngo ahanwe kandi ahe indishi abo ico caha cakoreye ikibi.

N'ukudahana icaha cagaragajwe na sentare bivuye ku butegetsu bwugarijwe n'imigwi ikomeye iyituma ishiraho itegeko rirenzako uruhu rw'amazi agateka ka zina muntu iyo migwi yahungabanije.

#### Imvo zikomeza imirwi ikandamiza leta :

- Amahera menshi
- Ubutegetsu
- Inguvu za gisirikare
- Urunani rw'ikibi

#### Ingaruka z'ukudahana ivyaha :

- Uwakoze icaha aca yiyumvira ko ari mukorumbone
- Abanyagihugu ntaco baba bacibanga
- Ugucanamwo guca kwaka indaro mu gihugu
- Ukudahana kurasambura imibano, politike, ubutungane hamwe n'intwari rusangi, amahoro n'ubumwe amaleta arondera
- Gutuma ivyaha bikorewa abanyagihugu bigwira kandi bikaza bifise inabi isumbirije

Leta isabwa gukingira n'uguteza imbere agateka ka zina muntu mu kurwanya ukudahana kandi ntishireho ingingo zikingira ababisha

### **Hariho ivyaha vy'agahomerabunwa:**

- Ivyaha vyitwa ko bikorewe abantu bose bo kw'isi
- Ihonyabwoko
- Ivyaha vyo mu ntambara
- Ivyaha bibuza amahoro
- Icaha karyanisha miryango (Apartheid)

### **Bihanwa n'amasentare mpuzamakungu**

- Sentare Mpuzamakungu ihana ivyaha kw'isi (CPI)
- Sentare Mpuzamakungu ihana ivyaha vyakorewe mu gihugu kinaki nk' Urwanda (TPIR) na Yugoslaviya (TPIY)

## 1.6. Imico myiza n'akaranga k'uburundi

### Amahangiro y'iki gice

- Kumenya imico myiza n'akaranga k'uburundi

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhingamo bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi ku mico myiza n'akaranga k'uburundi
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bazi ku mico myiza n'akaranga k'uburundi</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza agafata mu mutwe iviyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li></ul>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>

10

5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- Ivyo bazi ku mico myiza n'akaranga k'uburundi

Inyigisho ngenderwako:

**Imico myiza**

- Ubuntu
- Ubushingantahe
- Ubupfasoni
- Ukwihangana
- Ugufashanya
- Impuhwe
- Ubuhizi
- Ishaka
- Ibanga...

**Akaranga k'uburundi**

- Intambo
  - Ingoma
  - Ukwiyereka
  - Agasimbo
  - Umuyebe
  - Umuhanga
  - Amayaya
  - Umutsibo
  - Akanyarusizi
  - Urwedengwe
  - Umudeyo...
- Imvyino
- Ukujisha
  - Inkoko, ibiseke, inkangara, ibipiri, ibivumvu, ibitebo, imitana, ibigara, intango, ugutsemba...
- Ukubaza
  - Ibishusho, ivyakunze
  - Inkoni...
- Ugucura...
  - Amasuka, amashoka, amacumu, imihoro, inkota...
- Ukubumba





D2: *Iyo abanyagihugu barimye ikibiri baba bafashanije*

## 1.7. Twotandukanya gute ivyabaye koko n'iciyumviro c'umuntu?

### Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ko ivyabaye koko bitegerezwa kuba bigaragara
- Gutahura ko vyoroshe kwitiranya “ivyabaye” n’ “iciyumviro c’umuntu”

**Ikiringo:** Iminota 55

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Ibibazo vyateguwe neza, bigaheza bikabazwa n’uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Amungane yanditswe n’irangi ryisa muri iki gicapo (asomwa n’uwuremesha inyigisho)

### Gutomora

Umwanya	Igice bwite
4’	<p>1) Uwuremesha inyigisho arumvisha abazitavye ko igikenewe ari ugutahura itandukaniro riri hagati y’ivyabaye n’iciyumviro c’umuntu</p> <p>2) Uwuremesha inyigisho arasoma iryungane rya mbere akoresheje ijwi ryumvikana. Mu gitondo, Tereza yashavuriye Davidi ataco bivuyeko. Araheza akabaza abitavye inyigisho ikibazo gikurikira: “<i>Ibiri muri iryo ryungane vyoba ari ivyo umuntu yabonye gusa canke ni icyumviro ciwe?</i>” Abitavye inyigisho baratanga inyishu Uwuremesha inyigisho aratanga inyishu nyayo <u>Inyishu nyayo:</u> Uwo muntu ivyo yavuze si ivyo yabonye gusa kuko “ataco bivuyeko” ni icyumviro.</p>
25’	<p>3) Uwuremesha inyigisho aca aja aragira ukwo no ku yandi mungane akurikira <u>Iryungane rya kabiri</u> Ejo ku mugoroba, Bertrand yarariye inansi ariko araraba imboneshakure <u>Inyishu nyayo:</u> Ni ivyo umuntu yabonye gusa <u>Iryungane rya gatatu</u> Mu mwanya uheze aho twariko turivuna umusase, Willy ntiyambajije ico niyumvira <u>Inyishu nyayo:</u> Ni ivyo umuntu yabonye gusa <u>Iryungane rya kane</u> Flora ni umukenyezi atigungirako <u>Inyishu nyayo:</u> Si ivyo umuntu yabonye gusa, ni icyumviro c’uwavuze iryo ryungane Iyo biba ari ivyo umuntu yabonye gusa, iryo ryungane ryaca riba: “<i>Imisi yose Flora yama afungurira abana bo mu kibano</i>”. <u>Iryungane rya gatanu</u> Robert ararenza urugero mu gukora <u>Inyishu nyayo:</u> Si ivyo umuntu yabonye gusa, ni icyumviro c’uwavuze iryo ryungane. Iyo biba ari ivyo umuntu yabonye gusa, iryo ryungane ryaca riba: “<i>Robert akora imisi yose kuva isaha cumi na zibiri zo mu gitondo gushika isaha isaha zine z’ijoro</i>”. <u>Iryungane rya gatandatu</u> Régina arasinda <u>Inyishu nyayo:</u> Si ivyo umuntu yabonye gusa, ni icyumviro c’uwavuze iryo ryungane. Iyo biba ari ivyo umuntu yabonye gusa, iryo ryungane ryaca riba: “<i>Aho ndamubonye</i>”</p>

	<p><i>hose, Régina yama ariko aratata.”</i></p> <p><u>Iryungane ry’indwi</u> Kuva indwi itangura, yohani yama ashika imbere y’abandi imisi yose</p> <p><u>Inyishu nyayo:</u> Ni ivyo umuntu yabonye gusa.</p> <p><u>Iryungane ry’umunani</u> Birashika kenshi ko Yuriya asiba kw’ishure</p> <p><u>Inyishu nyayo:</u> Si ivyo umuntu yabonye gusa kuko “kenshi” ni ijamba ridatomora neza incuro Yuriya yasivye kw’ishure.</p> <p><u>Iryungane ry’icenda</u> Mwene wacu yavuze ko iryo bara rikaze</p>
10’	<p><b>Uwuremesha inyigisho arasigurira abazitavye inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi bese barakurikira ivyo avuga.</b></p> <p>Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n’iki gicapo.</p>
15’	<p><b>Mu kumenyesha ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kuvuga:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>“ingene umuntu ashobora gushikiriza ivyabaye koko n’ivyiyumviro vyiwe”,</i></li> <li>• <i>“ingene umuntu yotahuza abandi ko ivyo avuze ari icyumviro ashikirije”</i></li> </ul> <p>Inyishu: Nk’akarorero, yotanguza iryungane ryiwe amajambo akurikira: <i>“nyumvira ko...”</i></p>

### Inyigisho ngenderwako

Mu buzima bwa misi yose:

Iyo umuntu avuze ivyabaye ataho yegamiye, aba avuze ibintu uko biri.


Iyo umuntu yiganye ivyo yumvise aba atanze icyumviro ciwe.

Kenshi, abantu batanga icyumviro cabo bibaza ngo bariko bashikiriza ivyo bumvise canke babonye gusa.

→

Iyo ndiko nshikiriza icyumviro canje, ntegerezwa gukoresha amajambo atomoye. Ni bibi cane kwumvisha abantu ko icyumviro c’umuntu ari ivyabaye koko.

*D3: "Tworengera gute uruhagarara?"*





## 1.8. Ntahura gute ibijanye n'uruhagarara?

### Ihangiro ry'iki gice

- Gutahura ko umwumvikano muke utandukanye n'intambara (uruhagarara)”

Ikingiro: Iminuta 35

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro

### Ibikoresho mfashanyigisho


- Udukoresho tw'ubwoko bwinshi harimwo n'amababi y'ibiti
- Bibonetse hotegekanywa: impapuro, igipukuru, ikaramu ry'igiti, umukasi, uburembo, umugozi, n'ibindi


### Gutomora

Umwanya	Igice bwite
10'	<ol style="list-style-type: none"><li>1) Uwuremesha inyigisho arasigurira abitavye icigwa ko baza gukorera ku kuntu umwe wese yoserura kimwe muri ibi bikurikira: <u>Uruhagarara, umwumvikano muke.</u></li><li>2) Uwuremesha ivyigwa arasaba ko:<ul style="list-style-type: none"><li>• umugwi umwe wokwiyumvira igishushanyo coserura uruhagarara ;</li><li>• uwundi murwi nawo ukagereranya igishushanyo c'umwumvikano muke.</li></ul></li><li>3) Umwe wese akora ukwiwe. abashatse barashushanya ariko birabujijwe kwandika. Birarekuwe gukoresha ico ari cose mu gushushanya icipfuzo: impapuro, ikaramu y'igiti n'ibindi vyinshi nk'intebe n'ibindi bikoresho vyo mu nzu, amababi y'ibiti, n'ibindi.</li></ol>
10'	<ol style="list-style-type: none"><li>4) Uwuremesha inyigisho aramenyesha ko mu mwimenyerezo bagira bakore kizira gushikiriza ivyiyumviro. NK'akarorero, kirazira kuvuga ngo: <i>“ico gishusho gikozwe nabi”</i>.</li><li>5) Uwuremesha inyigisho arasaba urwaruka ruri aho kwicamwo imigwi y'abantu bane-bane : mu mugwi umwe umwe, harimwo abantu babiri bakoze igishusho c'uruhagarara, n'abandi babiri bakoze ic'umwumvikano muke.</li><li>6) Mu mugwi wose, abawugize barereka abandi ibishusho bakoze (vy'uruhagarara canke umwumvikano muke).</li></ol>
5'	<ol style="list-style-type: none"><li>7) Abandi barashobora kubaza ibibazo, mugabo ntibashobora gutanga ivyiyumviro.</li><li>8) Afatiye ku turorero duhejeje kwerekanwa, uwuremesha inyigisho arasoma akongera agasigura inyigisho ngenderwako iri mu majambo akurikira: “uruhagarara”, “umwumvikano muke”. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'iki gicapo.</li></ol>
8'	<p><b>9) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b> uwuremesha inyigisho arasoma aya mungane atanu akurikira. Araheza agasaba abitavye inyigisho kuvuga ko ayo mungane asigura umwumvikano muke canke intambara.</p> <p>Uwuremesha inyigisho abonye ko abazitavye bitiranya ivyo bintu bibiri, araheza akabibutsa ko umwumvikano muke ari ikintu gisanzwe kuko ahari abantu hama urunturuntu. Urwo runturuntu rumarwa n'ukuyaga. Uruhagarara narwo ni umwumvikano muke utatorewe umuti ukenera umuntu ataho yegamiye(umuhuza).</p>

	<p><u>Iryungane rya mbere:</u> Umukenyenzi umwe ntiyereka kuyyara umwana agira kane, kandi umugabo wiwe avyifuza. → Ni umwumvikano muke ushobora gutorerwa umuti: birashoboka hamwe abubakanye bayaze.</p> <p><u>Iryungane rya kabiri</u> Umwigeme umwe ararahira akarengwa ko adashobora kwubakana n’umusore ahitiwemwo n’umuryango wiwe kandi ukamutegeka kugira nk’uko umubwiye. → Ni uruhagarara mu mutima wiwe kuko uwo muryango uraremara uwo mwigeme.</p> <p><u>Iryungane rya gatatu</u> Umusore umwe aranka kwinjira mw’idini ryase. Uwo muvye araheza akabwira umuhungu wiwe ko ashobora kumuca mu muryango adahevyeye idini asanzwe arimwo. → Ni uruhagarara rufatiye ku kwemera kw’umuntu kuko uwo muvye ntiyihanganira ko umuhungu wiwe agira ukwemera gutandukanye n’ukwiye.</p> <p><u>Iryungane rya kane</u> Umuhanuzi wa komine umwe afata ingingo yo gushikira umugambi kandi umugambwe wiwe atari ko ubibona. → Ni umwumvikano muke: Naho batabona ibintu kumwe, barashobora kuyaga maze bagashika ku ngingo bahuriyeko.</p> <p><u>Iryungane rya gatanu</u> Abanyeshure bamwe bagira umugambi wo kunyurura umwana w’umwigisha wabo kuko abaha ibihano vyinshi kw’ishure. → N’umugambi w’isinzikazwa ry’umubiri rigirirwa uwo mwana w’uwo mwigisha. Ni n’uruhagarara rwo mu mutima rugirirwa uwo mwigisha.</p>
8’	10) Uwuremesha inyigisho arasaba urwo rwaruka ngo rudondagure imyumvikano muke n’intambara (uruhagarara) bishobora gushika mu matora?”.

Inyigisho ngenderwako:





*D4: Amahoro arakene mu gihugu*

## 1.9. Notorera gute umuti umwumvikano muke canke uruhagarara?

### Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ko gutorera umuti uruhagarara canke amatati bisaba ubukerebutsi
- Gutahura ko hariho ubwoko bwinshi bw'uruhagarara

**Ikiringo:** iminuta 45'

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** umwimenyerezo utuma abantu batahura buhoro buhoro

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibikoresho vyo mu biro: urupapuro, igipukuru, amakaramu y'igiti, imikasi, ubwome, imigozi n'ibindi
- Ibikoresho bitandukanye, harimwo n'amababi y'ibiti

### Gutomora

Umwanya	Igice bwite
10'	<p>1) Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye (umwe umwe ukwiwe) gukora igishusho cerekana <u>uruhagarara</u> canke <u>umwumvikano muke</u>. Barashobora n'ukubishushanya, mugabo ntibandike. Barashobora kandi gukoresha ibintu bitandukanye: impapuro n'amakaramu y'igiti, ibikoresho bitandukanye (intebe, amababi y'ibiti n'ibindi). kwiyebutsa: Mubisanzwe, abitavye inyigisho baratahura ubudasa buri hagati y'aya majambo abiri "uruhagarara" n' "umwumvikano muke", nkuko babinonosoye mu gice giheruka.</p>
10'	<p>2) Uwuremesha inyigisho arasaba abitavye inyigisho kwigabura mu migwi 3 ya babiri babiri. Umugwi umwe umwe uratora ibishushanyo vyakozwe n'abandi ku mwumvikano muke canke k'uruhagarara: kimwe kuruhagarara ikindi k'umwumvikano muke. Umugwi wose uca ugerageza guhindura ivyo bishushanyo 2 (kwongerako ikintu, gutema, gusubiramwo, n'ibindi.):</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• K'uruhagarara: guhindura kugira usukemwo mabisi m'uruhagara gwashushanijwe ;</li> <li>• K'umwumvikano muke: guhindura kugira usukemwo mabisi mu mwumvikano muke washushanije.</li> </ul> <p>Vyoba vyiza ivyashushanijwe vyose bihinduwe (bisutswemwo amazi mabisi).</p>
20'	<p>3) Uwuremesha inyigisho aregeranya abari mu migwi itandukanye.</p> <p>4) Uwuremesha inyigisho arasaba urwaruka ruri aho kwicamwo imigwi ibiri minini nk'iy'abantu cumi (utugwi 5 twa babiri babiri mu mugwi munini). Harimwo abantu babiri bakoze igishusho c'uruhagarara, n'abandi babiri bakoze ic'umwumvikano muke. Mu mugwi wose, abawugize barereka abandi ibishusho bakoze (vy'uruhagarara canke umwumvikano muke). Abandi barashobora kubaza ibibazo, mugabo ntibashobora gutanga ivyiyumviro. Iyo migwi ibiri minini ikorera rimwe: akagwi kose k'abantu babiri karereka abandi bo mu tugwi tume dusigaye (basangiye wa mugwi munini) ingene bahindaguye ibishusho vyerekana uruhagarara n'umwumvikano muke.</p>
8'	<p>5) Uwuremesha inyigisho arasoma akongera agashikiriza muri make inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho bose barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurukirana n'iki gicapo.</p>



10'

6) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

- Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ati: *“ni ibiki mwungutse muri iki gice?”*
- Uwuremesha inyigisho asanze hariho abatatahuye neza, araheza agasubiramwo ivyo yavuze mu ncamake y’ivyizwe.

Inyigisho ngenderwako:

Hari ubwoko bwinshi bw’uruhagarara:

- Isinzikazwa ry’umubiri
- Uruhagarara mu mutima: kuremera umuntu
- Uruhagarara rufatiye ku kwemera kw’umuntu, guhora umuntu ivyo yemera
- Uruhagarara rufatiye ku ngendo: *“nta na kimwe duhindura, twebwe ni uko tumeze, ntiwirirwe uravuga menshi!”*

→ Gutorera umuti urugaharara canke umwumvikano muke bisaba ubukerebutsi budasanze.

→ Tubiri tuvurana ubupfu (ubukerebutsi buragwirirana iyo abantu bakoreye hamwe).

→ Gutorera umuti uruhagarara canke umwumvikano muke birashobora gufata umwanya utari muto: hariho intambwe bicako.

→ Gutorera umuti uruhagarara canke umwumvikano muke ni igikorwa c’abantu batandukanye: hariho abakorera ahabona n’abandi batigaragaza.

→ Ha gufasha mu gusambura, wofasha mu gusanura igihugu cawe.



## 1.10. Mvuge nti “EGO canke ‘OYA’?”

### Ihangiro ry’iki gice

- Gutahura ko kwiyumvira imbere y’ugukora bituma umuntu aticuza

**Ikiringo:** Iminuta 40

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Umugwi uratahura buhoro buhoro

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Impapuro zibiri: kuri rumwe handitseko ngo “EGO”, ku rundi naho handitseko ngo “OYA”

### Gutomora

Iki gikorwa kiranguka mu ntambwe zine, zisubiriza gatatu:

- 1) Uwuremesha inyigisho arashikiriza abazitavye ingingo kanaka.
- 2) Hanyuma akababaza ikibazo.
- 3) Abitavye inyigisho barerekana nabo ingingo bofata mu gihe boba bari mu bihe bisa n’ivy’uwafashe iyo ingingo arimwo (baca bahagarara imbere y’agaseke ka “EGO” canke aka “OYA” bivanye nuko bofata ingingo isa n’iy’uwuremesha inyigisho yabashikirije, canke ko bobigenza ukundi”).
- 4) Uwuremesha inyigisho aca abaza babiri canke batatu mu bazitavye igituma bahisemwo “EGO” canke “OYA”.

Umwanya	Igice bwite
1’	<ol style="list-style-type: none"> <li>1) Uwuremesha inyigisho aramenyesha abazitavye ko bagira barabire hamwe ingingo zigoye gufata.</li> <li>2) Uwuremesha inyigisho aca amanika ku ruhome za mpapuro zibiri; rumwe rwanditseko “EGO”, urundi ruriko “OYA”, hagati yazo haba hari imetero zitatu.</li> </ol>
8’	<ol style="list-style-type: none"> <li>3) Ingorane ya mbere:  <p>“Haraheze imyaka ibiri n’igice umusore w’imyaka 30 afunzwe azira amabi yakoze. Yaciriwe imyaka 20 y’umunyororo.</p> <p>Nk’uko amategeko abivuga, arashobora kurekurwa ivy’imfatakibanza akwije ica kane c’umunyororo mu gihe yoba yigenjeje neza Bamwe mu bagenzi biwe baca baha igiturire abamucungereye kugira ngo bamutorokeshe.</p> <p>Uyo musore ashobora guhitamwo kimwe muri ibi bintu bibiri:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kuguma mw’ibohero Niyaguma mw’ibohero, nta cemeza ko mu myaka ibiri n’igice azashobora kurekurwa ivy’imfatakibanza.</li> <li>• Gutoroka Aramutse afashwe atorotse, ntazosubira kugira uburenganzira bwo kurekurwa ivy’imfatakibanza. Abandi banyororo babonye atorotse, barashobora kumurega, maze abaporisi bakamurasa.”</li> </ul> <p>→ <u>Ikibazo:</u> Iyo uba wari uwo munyororo, wari gufata ingingo yo gutoroka?”</p> </li> </ol>
8’	<ol style="list-style-type: none"> <li>4) Ingorane ya kabiri:  <p>“Mw’ikomine imwe, hariho imboneza ironyoye ishirahamwe ry’urwaruka. Abanyeporitike babiri badahuje ivyiyumviro kandi bazwi muri iyo komine baregera iyo</p> </li> </ol>

	<p>mboneza.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Umunyeporitike wa mbere amubwira ati: “niwamfasha, nzokugira n’imiburiburi umuhanzi wanjye adasanzwe. Uzoba uri mu batware bakomeye kandi nzoshigikira ishira hamwe ryawe”.</li> <li>• Umunyeporitike wa kabiri nawe ati: “niwamfasha mu kwiyamamaza kwanje, ndakwemereye ko mu migambi yanje hazobamwo kuronsa akazi urwaruka igihumbi ku mwaka ku mwaka. Mu kubishikako, tuzofasha ku mwaka ku mwaka udushirahamwe 500 tw’urwaruka, kandi tuzodukurikirana tuduhe abahinga babishoboye kugira ngo dutenze imbere urwaruka”</li> </ul> <p>→ <u>Ikibazo</u>: “Iyo uba iyo mboneza y’urwaruka, wari guhitamwo umwe muri abo banyeporitike?”</p>
8’	<p>5) Ingorane ya gatatu:</p> <p>“Mw’ikomine imwe, hari abantu babiri bagomba kwitoza ngo bayirongore:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Umwe muri bo ni imvukira y’iyo komine kandi ava mu bwoko buhagwiriye (ababa muri iyo komine benshi basangiye ubwoko na we). Avuga ko niyatorwa azokworohereza abanyagihugu mu bijanye n’amagara y’abantu hamwe n’indero. Asaba abanyagihugu b’iyo komine gutora umuntu w’imvukira, ntibemere inyambukira.</li> <li>• Uwundi nawe amaze muri iyo komine igihe kinini. Yaraharunguriye imigambi y’iterambere myinshi mu kiringo c’imyaka 20. Se wiwe ni umunyekongo, nyina nawe ni umurundikazi. Afise imigambi yo guteza imbere ikomine yiwe akoresheje amahera agera ku miriyaridi zibiri z’amahera y’amarundi (iterambere ry’ubutunzi n’imibano). Aratomora neza ko yamaze kuronka uburyo bumwe-bumwe”.</li> </ul> <p>→ <u>Ikibazo</u>: “Iyo uba uba muri iyo komine, wotoye iyo mvukira?”</p>
5’	<p>6) Uwuremesha inyigisho arasoma akongera agasigura inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho bose barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n’iki gicapo.</p>
8’	<p>7) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho arasigura: ukwicuza ni ukuvuga uti: “narakiriye amahera kuko vyarananiye kuyagisha” canke “naragurishije ikarata yo gutora kuko barandemereye» canke “narinjiye mu mugambwe kanaka kuko abagenzi banje bose niwo barimwo”.</li> <li>• Umuntu ahisemwo yiyumviriye araheza akavuga ati: “nahisemwo ku...kuko nkeneye ko...”</li> <li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guhindagura ubwo burorero butatu bakoresheje iri ryungane: “<u>nahisemwo ku...kuko nkeneye ko...</u>” <ul style="list-style-type: none"> <li>- “narakiriye amahera kuko vyarananiye kuyagisha”</li> <li>→ intango y’iryungane yahinduwe : <u>nahisemwo amafaranga kugushaka kwanje...</u></li> <li>- “naragurishije ikarata yo gutora kuko barandemereye”</li> <li>→ intango y’iryungane yahinduwe : <u>nahisemwo kugurisha ikarata yo gutora kugushaka kwanje...</u></li> <li>- “narinjiye mu mugambwe Xxx kuko abagenzi banje bose niwo barimwo”</li> <li>→ intango y’iryungane yahinduwe: <u>nahisemwo kwinjira mu mugambwe kanaka kugushaka kwanje...</u></li> </ul> </li> </ul>

Inyigisho ngenderwako:

Ukwo mpitamwo  
kwose, ndunguka  
nkongera  
ngahomba.

→

Ukwo mpitamwo  
nabanje kwiyumvira  
ni kwo nticuza.

→

Kwemanga ukwo  
wahisemwo ni  
ugutunganya  
ubuzima bwawe.

Rimwe rimwe, twibaza ko  
abandi baturemera mu gufata  
ingingo: sivyona mba.

→

Naho vyoba bitoroshe, ni jewe mfata  
ingingo: nta n'umwe afata ingingo mu  
kibanza canje.

## Icigwa ca 2: Intwaro rusangi

### 2.1. Ibiranga intwaro rusangi

#### Amahangiro y'iki gice

- Gusigura intwaro rusangi ic'ari co
- Intwaro rusangi iha ishingiro imigambwe, itanga kuri bose uburenganzira bwo gutora, ugushikiriza iviyumviro n'ugutandukanya inzego z' ubutegetsu n'ugutuma zigenga ;
- Intwaro rusangi ituma igikorwa ca Leta kiba ico kuronsa abenegihugu uburenganzira bungana ku butunzi bw'igihugu, uburenganzira bungana bwo kwiga, kwivuza, kugaragaza akaranga ;
- Intwaro rusangi ituma amakoraniro y'imibano aharanira ugusabikanya umwimbu w'igihugu ata nkunzi n'ugukomeza amashirahamwe ataho yegamiye

**Ikingo:** Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

#### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

#### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ibiranga intwaro rusangi
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ibibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ibiranga intwaro rusangi</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho intumbero intwaro rusangi ishobora gufata</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ikibazo kimwe kimwe</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo kimwe kimwe inyishu nziza zatanzwe kuri co</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditswe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje</li></ul>

	<p>gusomwa; canke mbere n’abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</p> <p>Araheza agafata mu mutwe ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</p>
10	<p><b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b></p>
10	<p><b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ibiranga intwaro rusangi n’ibihe?</li> <li>• Intumbero zifatwa n’intwaro rusangi n’izihe?</li> </ul>

Inyigisho ngenderwako:

#### Ibiranga intwaro rusangi

- Intwaro rusangi iha ishingiro imigambwe, itanga kuri bose uburenganzira bwo gutora, ugushikiriza ivyiyumviro n’ugutandukanya inzego z’ ubutegetsi n’ugutuma zigenga ;
- Intwaro rusangi ituma igikorwa ca Leta kiba ico kugabangana ubutunzi, uburenganzira bungana bwo kwiga, kwivuza, kugaragaza akaranga ;
- Intwaro rusangi ituma amakoraniro y’imibano aharanira ukugabangana ata nkunzi umwimbu w’igihugu n’ugukomeza amashirahamwe ataho yegamiye

#### Intwaro rusangi ishobora gufata intumbero nyinshi:

- ukwishikira
- uguserukirwa
- uguhabwa uruhara (uguhuza, ukuganira).

## 2.2. Ukugendera intwaro rusangi

### Amahangiro y'iki gice

- Ukugendera intwaro rusangi
- Ivyiyumviro vya none

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bokora mu gukomeza intwaro rusangi
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ikibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyo bokora mu gukomeza intwaro rusangi</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe</li><li>• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li></ul>
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>

10

**5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:**

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- Ingendo nziza mu ntwaro rusangi n'izihe?
- Ivyiyumviro bishasha

Inyigisho ngenderwako:

**Ukugendera intworo rusangi**

- Ukwubahiriza abanyagihugu ngo bigenge ;
- Ukudahora abanyagihugu umukeko canke ibivurwa ;
- Ugufata abanyagihugu uko bari ;
- Ukwubahiriza ingingo zafashwe ;
- Ukurekura n'ukworohereza umunyagihugu ngo agire uruhara mu nzira y'ubwigenge ;
- Gutahura ko ugushira mu ngiro ubunyagihugu ari uburyo bwiubaka canke bukisambura ;
- Kumenyeshya ko intworo rusangi izirana n'ugukoresha inguvu ;
- Kwikuramwo icyumviro kibi ko hari abeza n'ababi, abarya imitsi abandi na bato bacinyizwa ugashira imbere ukugabangana ibikorwa ku nzego zose ;
- Kugira inyifato ijanye na demokarasi iserukira : kwumviriza uwundi n'ukuvugira abo userukira aho kwivugira ; kwizigira abaguserukira ariko utibagiye gucungera ibikorwa bakora ;
- Kugira inyifato ijanye na demokarasi yishikira : kwivugira ugashikiriza icyumviro ubanje kuganira n'abandi ariko ntiwemere kuniganwa ijambo ;
- Gutahura ivyerekeye imigenderanire cane cane harimwo ubutegetsu ;
- Kumenyera guhariranira utisunga ibishobisho ugatatura neza amatati ;
- Kwiga kwihweza uko ibintu vyifashe n'ukudatwarirahejuru inkuru utayiseranguye ;
- Kwiga ivyerekeye amakuru amenyeshwa
- Ugushira ahabona ko abantu bama ari magiriranire hamwe n'ugufatana mu nda
- Kumenya ko kurangura ivyiyumviro vya demokarasi ari uguhozako

**Ivyiyumviro vya none bivuga ko:**

- Ata muntu n'umwe yemera kugendera ku wundi canke ku rwego;
- Umuntu ashaka gushika ku ashaka akoresheje uburyo afise nk'uko avyumva;
- Ishirahamwe ryose rishaka ko abanywanyi baryo baronka uruhara ruciye mu biganiro;
- Imigenderanire hagati y'abantu ica mu gufashanya ariko umwumvikano urashobora kubura



## 2.3. Itandukanya ry'inzego z'ubutegetsi

### Amahangiro y'iki gice

- Ukumenya inzego z'ubutegetsi izarizo n'ingene izo nzego zitandukanye

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye ukumenya inzego z'ubutegetsi n'ingene izo nzego zitandukanye
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<p><b>1) Ikibazo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho inzego z'ubutegetsi izarizo n'ingene izo nzego zitandukanye</li> </ul>
10'	<p><b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe</li> <li>• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo zitumbereye</li> </ul>
15'	<p><b>3) Gusubiramwo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li> <li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li> </ul>
10	<p><b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b></p>

10

**5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:**

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- Ukumenya inzego z'ubutegetsi izarizo
- Ingene izo nzego zitandukanye

Inyigisho ngenderwako:

**Inzego z'ubutegetsi izarizo n'ivyo zijejwe**

- Urwego rw'ubutegetsi rushira mu ngiro imigambi
  - Rurimwo Leta n'izindi nzego
  - Rushinzwe intwaro
- Urwego rw'ubutegetsi rujejwe ivy'ubutungane
  - Rurimwo amasentare n'izindi nzego zikorana n'ubutungane
  - Rushinzwe ubutungane mu gihugu
- Urwego rw'ubutegetsi rujejwe amateka n'amategeko
  - Rurimwo inamanshingamateka n'inama nkenguzamateka
  - Rujejwe kwakira amategeko, rukayihweza, rukayahinyanyura hanyuma rukayemeza
  - Umukuru w'igihugu arayashirako umukono bagaca bayashira ahabona
  - Rujejwe kugendera abanyagihugu ngo rumenye iryo bagona, ibibagoye n'ingene vyotorerwa umuti

**Inzego z'ubutegetsi zirakorana ariko zimwe ntizinjirirana**

- Umutegetsi ashinzwe intwaro ntiyisuka mu vyerekeye ubutungane;
- Umushingamateka ategerezwa gucungera ibikorwa vya leta;
- Umutegetsi ajejwe ubutungane abifitiye ububasha arinjira mu vyerekeye intwaro iyo hari amategeko yarenzwe.

## 2.4. Uburenganzira bw'uguserura icyumviro

### Amahangiro y'iki gice

- Ukumenya ivyerekeye uburenganzira bwo guserura icyumviro

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye uburenganzira bwo guserura icyumviro
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<p><b>1) Ikibazo</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye uburenganzira bwo guserura icyumviro</p>
10'	<p><b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe</li> <li>• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye</li> </ul>
15'	<p><b>3) Gusubiramwo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li> <li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</li> </ul> <p>Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</p>
10	<p><b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b></p>
10	<p><b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b></p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p>

- Ivyerekeye uburenganzira bwo guserura icyiyumviro

Inyigisho ngenderwako:

#### Imihora ikoresha mu guserura icyiyumviro

- Gufata ijambo mu nama
- Ibimenyeshamakuru
  - Ibinyamakuru
  - Amaradiyo
  - Imboneshakure
  - Ibitabu
- Amashirahamwe ategamiye inzego za poritike
- Amadini
- Amashirahamwe y'abakozi (Sendika)

#### Akamaro ko guserura icyiyumviro


- Bituma inkuru zijanye n'uguhungabanya agateka ka zina muntu zimenyekana ;
- Bituma ushobora gushengeza ababisha ;
- Inkuru zirahererekanywa hagati y'abanywanyi zigashwara igihugu ;
- Biributsa Leta gukora ivy'ijejwe ;
- Bituma ata muntu aniganwa ijambo;
- Biratuma ibikorwa vya Leta n'inzego zayo bimenyekana;
- Birerekana ibikorwa vy'amashirahamwe ategamiye leta;
- Birafasha kuringaniza amasekeza mu ntumbero zitandukanye;
- Bishira ahabona ibibazo vy'umutekano n'ubutungane;
- Birafasha abajejwe amagara y'abantu kugabisha abanyagihugu;
- Birararika abanyagihugu ngo barangure neza imirimo bajejwe.

#### Akarimbi katarengwa mu guserura icyiyumviro

- Gurtyoza akaranga k'uburundi
- Guteranya abanyagihugu ushingiyeye ku moko, intara, imigambwe...
- Kugumura abanyagihugu
- Gusombora intambara
- Gurtyoza umuntu uw'ariwe wese

## Icigwa ca 3: Ugutwara neza

### *D5 Intwaro ishingiyeye ku ngingo*



### 3.1. Ingingo nkuru nkuru zigize ugutwara neza

#### Amahangiro y'iki gice

- Gukorera ku mugaragaro;
- Gutsimbataza intwara ishingiyeye ku ngingo;
- Gukomeza ukutarenganya n'ukudakumira mu bikorwa vy'igihugu;
- Ugukinga n'uguhana ivyerekeye igiturire n'ayandi mabi bijanyeye;
- Ugushinga imigambi y'iterambere y'ab'ujejwe

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhingana bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

#### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Kibaho

#### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingingo nkuru nkuru zigize ugutwara neza
- Abitavye inyigisho baca bagageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bese, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ikibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingingo nkuru nkuru zigize ugutwara neza</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri ico nyigisho bese baca bagageza kwishura ico kibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku bipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanze</li><li>• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kwama bibuka ko umutwara ategerezwa kumenyesha abanyagihugu bamutoye aho ivyo yemeye kubarangurira abigejeje;</li><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijamba.</li></ul>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.</li> </ul>
10	<p><b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b></p>
10	<p><b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b> Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ingingo nkurunkuru ziranga ugutwara neza</li> </ul>

Inyigisho ngenderwako:

**Ingingo nkurunkuru ziranga ugutwara neza:**

- Gukorera ivyo ujejwe ku mugaragaro;
- Guteza imbere intwaro ;
- Gutsimbataza intwaro ishingiyeye ku ngingo;
- Gukomeza uruhara rw'abanyagihugu bahuri kiye mu migambwe n'urw'abataho begamiye mu gutora ababatwara hamwe n'ugutunganya ibikorwa vy'igihugu;
- Gukomeza ukutarenganya n'ukudakumira mu gutunganya ibikorwa vy'igihugu;
- Ugukinga n'uguhana ivyerekeye igiturire n'ayandi mabi bijanye;
- Ugukora wisunga kazoza keza k'abanyagihugu
- Ugushinga imigambi y'iterambere y'ab'ujejwe

## 3.2. Intwaro y'igihugu

### Amahangiro y'iki gice

- Intwaro itunganijwe neza, yizewe kandi ishigikirwa n'umunyagihugu
- Intwaro y'igihugu ikorera ku mugaragaro

**Ikiringo:** Iminuta 50

**Ubuhinga bwo kuremesha iki gice:** Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

### Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

### Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye intwaro y'igihugu itunganijwe neza ikorera ku mugaragaro
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<b>1) Ikibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye intwaro y'igihugu ihagaze neza ikorera ku mugaragaro</li></ul>
10'	<b>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe</li><li>• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye</li></ul>
15'	<b>3) Gusubiramwo</b> <p>Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye intwaro y'igihugu ihagaze neza ikorera ku mugaragaro</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.</li><li>• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</li><li>• Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza</li></ul>



	akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	<b>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</b>
10	<b>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</b> Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye intwaro y'igihugu itunganijwe neza ikorera ku mugaragaro

Inyigisho ngenderwako:

#### Ingingo nkurunkuru ziranga intwaro y'igihugu

- Gushira ubuzi busaba ubuhinga mu matangazo
- Kumenyeshya ivyisungwa mu gutanga akazi no mu kwunguruzwa mu kazi
- Guha akazi abafise ubuhinga bukwiye
- Gushira ahabona ingene ibintu bikorwa
- Gutanga inkuru yerekeye ibikorwa bisabwa, ibiciro vyavyo, n'ikiringo gisabwa c'ugutunganya iyo mirimo